

KONNEN VIRIS ZIKA

Fanm ansent yo pa ta dwe vwayaje nan zòn ki gen Zika.

Zika ka lakòz domaj pou tibebe ou.

Si oumenm oswa patnè ou dwe vwayaje, men sa ou ta dwe konnen:



Anvan Ou Vwayaje

Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan risk Zika.

Aprann fason pou pwoteje tèt ou pou pa kite marengwen mòde ou.

Lè w ap Vwayaje

Pa vwayaje nan zòn ki gen Zika.

Sinon, itilize pwodui anti-marengwen, mete rad pwoteksyon, epi rete andedan lakay ou lè li posib.

Si Ou Te Vwayaje

Si ou ansent, ou kapab fè tès.

Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan Zika ak tès yo.

Si Patnè Seksyèl Ou Te Vwayaje

Zika kapab transmèt nan sèks san pwoteksyon.

Si ou ansent epi si patnè ou te vwayaje nan zòn ki gen Zika, ou pa ta dwe fè bagay. Si w ap fè bagay, patnè ou ta dwe mete yon kapòt kòrèkteman depi lè nou kòmanse jouk lè nou fini.

Si ou te fè bagay san pwoteksyon pandan ou ansent avèk yon patnè ki te vwayaje nan yon zòn ki gen Zika, ou kapab fè tès.

Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan Zika ak tès yo.

Jwenn Kesyon Moun Poze
Souvan sou viris Zika:
www.health.ny.gov/zika
Liy Dirèk: 1-888-364-4723



**Department
of Health**